



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AVI SANTE SOU KALITE LÈ NAN TOUT ETA A KI PRAL RETE ANVIGÈ JISKA JEDI

Avi Sante sou Kalite Lè a pibliye nan tout eta a pou demen

Nouvo ekip Gad Forè a ap deplwaye pou konbat ensandi Kebèk yo

Plizyè santèn milye mas nan modèl N95 yo pral kontinye disponib pou piblik la nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a avi sante sou kalite lè pou tout eta a pral rete anvigè jiska jedi, epi ajans yo nan eta a ak otorite yo kontinye kowòdone siveyans kalite lè a, sansibilizasyon piblik ak edikasyon, distribisyon mask ak lòt efò pou anpeche oswa limite ekspozisyon a gwo nivo polisyon lè lafimen lakòz atravè New York. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) ap siveye depre kalite lè a pou detekte enpak ensandi ki soti nan forè Kanada yo epi pibliye yon Avi Sante sou Kalite Lè pou demen apre previzyon polisyon ti patikil yo ki 'Malsen' ak 'Malsen pou Gwoup Sansib'. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse gen yon twazyèm ekip Gad Forè k ap deplwaye nan Kebèk pou ede nan repons a ensandi Kanada a.

"Pandan n ap kontinye siveye nivo kalite lè yo ak bay kominote yo enfòmasyon ak zouti yo bezwen pou ede anpeche ekspozisyon a polisyon lè ki gen rapò ak lafimen, Nouyòkè yo dwe rete vijilan ak pran mezi pou yo rete an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye Gad Forè New York brav yo ki rejwenn repons ensandi nan forè Kanada epi swete yo yon bon vwayaj pandan y ap prepare pou ede nan efò aktyèl yo pou kontwòle dife nan nò fwontyè nou yo".

Gouvènè Hochul [te anonse](#) nan kòmansman jounen ke avi sante sou kalite lè a pou mèkredi 28 jen te elaji pou ajoute tout eta a. Demen, jedi 29 jen, lafimen pral deplase dousman nan direksyon lès epi kanpe sou New York Santral pandan yon gwo sistèm presyon ap fè zigzag sou kòt Mi-Atlantik la, avèk pi gwo konsantrasyon polisyon ti patikil (PM2.5) lafimen lakòz ke yo prevwa atravè Lwès ak Nò New York. Panach lafimen an ta dwe deplase soti nan New York pi dousman pase li te antre ladann epi ta dwe gen pi gwo lafimen k ap rete nan nò eta a pandan pifò jounen vandredi an.

Yo prevwa kalite lè a rive nan nivo Endis Kalite lè 'Malsen' demen pou Lwès ak Sant New York, Lès Lak Ontario ak Adirondacks. Nan nivo sa a, tout moun ka kòmanse santi efè sou sante, manm gwoup ki sansib yo ka santi efè sou sante ki pi grav. Yo prevwa kalite lè a ap atenn nivo 'Malsen pou Gwoup Sansib' yo nan rès eta a. Nan nivo sa a, manm gwoup sansib tankou moun ki gen pwoblèm kadyovaskilè oswa respiratwa tankou opresyon, timoun piti, ak adilt ki pi gran, ka gen plis risk pou yo sibi efè lafimen. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade tablo a [isit la](#).

Y ap itilize alèt telefòn selilè ijans yo pou avèti Nouyòkè yo si endis kalite lè a depase limit 200 pou lè 'Trè Malsen' epi li rete pou plis pase inèdtan. Alèt yo pral transmèt atravè sistèm Alèt Ijans San Fil, ke Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans nan Eta a jere.

Lòt enfòmasyon sou previzyon yo pral disponib demen. Avèk nivo Endis sou Kalite Lè yo prevwa k ap varye soti nan "Malsen pou Gwoup Sansib" rive "Malsen" pou tout moun pandan moman sa a, DEC ak DOH pibliye Avi Sante sou Kalite Lè ak direktiv ki koresponn yo ki baze sou previzyon 24 èdtan yo ak valè inèdtan yo ka depase valè previzyon nan rejyon sa yo. Ale sou dec.ny.gov pou jwenn [previzyon ki ajou](#) ak enfòmasyon sou [nivo endis kalite lè](#), ak www.health.ny.gov pou enfòmasyon sou [risk sante ak prekosyon](#) ki gen rapò ak kalite lè a. Remake tou ke selebrasyon fedatifis Jou Endepandans yo nan bonè ka kontribye nan patikil ak lafimen pou kreye kondisyon tanporè ki wo lokalman epi ka obsève atravè aparèy pou siveye lè a.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke y ap deplwaye uit nan Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònman la nan Kebèk pou ede nan efò pou restrenn ensandi forè k ap kontinye yo. Yon Gad Forè pral sèvi kòm chèf ekip pou yon ekip ant plizyè eta ki gen 20 moun nan kad Akò sou Pwoteksyon kont Ensandi Forè nan Nòdès ki gen ladan ekip New York ak ponpye ki soti nan New Hampshire, Maine ak Vermont. Ekip la pral kòmanse mobilizasyon demen ak pase apeprè de semèn nan Kanada. Sa a se twazyèm deplwaman resous New York pou ede konbat ensandi nan Kanada. Nan kòmansman semèn sa a, [Gouvènè Hochul te resevwa](#) uit Gad Forè ki te deplwaye nan Nouvèl Ekòs ak Kebèk.

Komisè Depatman pou Prezèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Gad Forè nou yo toujou dispoze leve men yo lè gen demann pou èd. Apre de misyon ki gen siksè nan Kanada deja, nou gen chans pou nou gen plis gason ak fanm vanyan k ap tann opòtinite pou yo fè yon diferans epi ede pwoteje piblik la ak anviwònman an".

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li, ak DHSES ak DEC pou patenarya yo ak DOH, pandan n ap kontinye bay resous ak enfòmasyon ki nesèsè pou ede fè fas a potansyèl ekspozisyon a kalite lè danjere. Avèk nivo polisyon lè elve yo prevwa kounye a atravè eta a, Nouyòkè yo ta dwe rete okouran de kalite lè lokal yo epi pran prekosyon ki nesèsè yo tankou rete andedan, diminye ekspozisyon, minimize efò lè yo deyò, epi konsidere itilize yon mask N95 pandan kondisyon malsen sa yo ap pèsiste".

Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Nouyòkè yo ta dwe kontinye pote anpil atansyon sou kalite lè nan kominote yo jodi a ak demen. Dapre kondisyon kote w ap viv la, konsidere limite tan w deyò epi, si w dwe ale deyò, mete yon mask bon jan kalite".

Anba direksyon Gouvènè a, plizyè santèn milye mask nan modèl N95 ak bon kalite te disponib pou Nouyòkè yo pou ede fè fas a enpak kalite lè yo. Nan Vil New York, Otorite Transpò Metwopoliten, Otorite Pòtyè ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la ap distribiye mask bay vwayajè yo nan gwo sant transpò piblik yo ak pak eta yo. Gen lòt mask y ap mete disponib nan konte yo ki andeyò Vil New York nan estòk Eta a ap jere yo pou distribiye bay piblik la.

Mask yo disponib nan kote sa yo:

- Grand Central Terminal
- Penn Station
- Fulton Center
- Jamaica Station
- Antre Prensipal nan Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a, South Wing
- Atlantic Avenue, Brooklyn
- Grand Concourse, Bronx
- Pak Eta Shirley Chisholm
- Rezèv Pak Eta Clay Pit Ponds
- Pak Eta Riverbank Denny Farrell la
- Pak Eta Roberto Clemente

Otorite transpò piblik yo atravè eta a ap itilize sistèm adrès piblik yo, siyalizasyon otobis yo, rezo sosyal yo ak lòt siyalizasyon elektwonik pou bay kliyan yo enfòmasyon sekirite ki gen rapò ak kalite lè a dirèkteman, tankou:

- Otorite Transpò Metwopoliten
- NassauTRANSIT
- Bee-Line nan Konte Westchester
- Broome County Transit
- Otorite Transpò Distri Kapital la
- Otorite Transpò Rejyonal New York Santral
- Otorite Transpò Rejyonal Rochester Genesee
- Otorite Transpò Niagara Frontier

Depatman Sante Eta New York ap konseye pran prekosyon jan sa nesesè. Etap pou moun yo pran pou diminye risk yo, enkli:

- Lè AQI a pi wo pase 100 ('Malsen pou Gwoup Sansib yo'), Nouyòkè ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite inisyativ deyò epi siveye sentòm yo lè yo ekspoze ak aktivite deyò yo. Moun ki vilnerab yo enkli moun ki gen maladi kadyovaskilè (egzanp, ensifizans kadyak konjestif, istwa atak kadyak anvan) oswa maladi nan poumon (egzanp, opresyon, maladi nan poumon obstriktif kwonik), osi byen ke timoun ki poko gen 18 ane, granmoun ki gen 65 ane ak plis ak fanm ansent.
- Lè AQI a pi wo pase 150 ('Malsen'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite entans deyò yo, epi moun ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite ekspoze a aktivite deyò yo, espesyalman fanm ansent yo ki ka pi fasil vin gen difikilte pou respire. Anplis de sa, gen kèk anplwaye ki vilnerab ki ta dwe travay anndan epi direktè kan yo ta dwe konnen previzyon lokal AQI yo a ak nivo alèt la epi swiv direktiv AQI a.
- Lè AQI a pi wo pase 200 ('Trè Malsen'), gwoup vilnerab yo ta dwe evite tout aktivite fizik deyò epi repwograme aktivite yo oswa fè yo anndan. Tout lòt moun yo dwe evite aktivite deyò ki long oswa entans.
- Lè AQI a pi wo pase 300 ('Danjere'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite fizik deyò yo.
- Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon N95 oswa KN95 ap fonksyone pi byen.

Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta New York la ki disponib isit la. Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, ale sou www.airnow.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418